# OGBONGE PESIN FOR COP



# OGBONGE PESIN for COP



Dis book go teach small pikin wetin dem suppose to do and how dem nor go take enter wahala with computer. E get six things wey small pikin dem dey see, when dem dey use computer.

1. You suppose to dey use computer to play and read.
2. Look all the time wey you take dey play with computer.
3. To dey see yeye yeye and bad bad things wey e nor good.
4. You suppose to learn with computer, TV and telephone.
5. Secret
6. Big person example of how to use computer well well.

All dis six things, go give your pikin one question and two answers.
If you follow your pikin read dis book, you go get the chance to take tell dem how dem nor go take enter problem any time wey dem dey use computer. The real answer for all dis things dey for the back of dis book.

As you dey read dis book, we go like make you open your mind, follow your pikin talk about wetin dem dey do and dey see for computer. We go still like make you tell dem say, make dem nor fear and dem nor go enter trouble if dem tell you anything.

Dem make dis book for pikin dem, wey e never reach nine years.
Dis kind book and other ones, wey e go teach you about how to use computer, dey for big pikin dem and for dem wey e won learn more.
Dem dey for: www.itu.int/cop.

Hey! na me be Ogbonge Pesin for
Internet. I dey stay for Nigeria
with my family pipu. Na my work to take
help small pikin dem, make dem enjoy
and nor enter wahala for computer.
I wan still help you.
If you hear wetin ‘me’ talk for dis book,
I go help you get the real answer.




Oya friends, make we come start!

See OBI



Obi dey play with him
computer, and him
small sister wan still play.



# Wetin Obi go do?



**A**

Tell him small sister "No! dey go"

**B**

Let him small sister follow am play. E dey sweet make everybody play.

# Ogbonge Pesin for Internet say...

"Every pikin suppose to play and jolly together"






**Which time you go take allow your small sister or brother to play game for computer?**

See

# Fatima



Fatima don dey look
cartoon since afternoon time.
And now her eyes don
dey pain her.



## Wetin Fatima go do?



**A**

Go for shop go buy new eyes.

**B**

Off the cartoons and follow her brother play.

# Ogbonge Pesin for Internet say...

"Many many games dey to play, wey you nor go use TVs, telephones and computer."



**Which game you like pass to follow others play?**

# See TOBI



Tobi dey look YouTube kids
for him small computer. But one thing
con come for the computer, wey e come
make Tobi heart cut, e come dey
fear for mind.



# Wetin Tobi go do?



A

Quench the small computer den go tell big person.

B

Throw-way the small computer for dust-bin.

# Ogbonge Pesin for Internet say...

"If you tell big
person make e help you,
e go good for you
well well."

**Which big person
you fit tell make
e help you?**



# See DOOSHIMA



Dooshima like dinosaurs,
one kind big animal like dat,
and e wan sabi as the animal be.



# Wetin Dooshima go do?



**A**

Look for the true true one, wey e never die, make e follow am talk.

**B**

Tell big person make e help am find play play story of the big animal for computer.

# Ogbonge Pesin for Internet say...





**Which TV station you like pass, for small pikin?**

See

# ENIOLA



Eniola dey play game for e computer. Another person wey e dey for another computer, come tell her to send her foto.



# Wetin Eniola go do?



A

Send her play play dog foto.

B

Go report give big person.

# Ogbonge Pesin for Internet say...

**To dey send your foto fit get danger. E better to report give big person.**



**Which big person you go fit go ask, the time wey e good to take send your foto?**



# See
# ALIYU



Aliyu dey build big upstair. He like make him papa come help am, but him papa dey play with e telephone.



# Wetin Aliyu go do?




**A**

Use respect take tell him papa say, make e follow am build the upstair.

**B**

Vex and scatter all the blocks for everywhere.

# Ogbonge Pesin for Internet say...



## WORK 1: YOU SUPPOSE PLAY WITH COMPUTER

**The correct answer na: B**

Every pikin suppose to play. E fit be to play games, look videos, and to see friends and family pipu for computer, but na as their age be.

## WORK 2: TIME FOR COMPUTER AND TV

**The correct answer na: B**

E good for small pikin body, say make their time for computer and TV be the same with their time for games wey e no dey use computer. Some play wey e no dey use computer fit be play wey dem dey use mind and brain dey think, to dey read book, to dey draw and to dey play football.

## WORK 3: TO DEY SEE YEYE YEYE THINGS

**The correct answer na: A**

At times small pikin dem, go just see something for computer by mistake, wey e go make dem fear or vex. E good make small pikin dem sabi say dem fit tell better big person wetin dem see, how the thing do dem and wetin dem fit do incase of next time.

## WORK 4: YOU SUPPOSE TO USE COMPUTER TAKE LEARN

**The correct answer na: B**

Every pikin suppose to find answer, learn and to sabi to do new new things. Computer, TV and Phone go fit show you all dis things. For example, e get plenty TV stations to take learn book and na for only small small pikin dem.

## WORK 5: SECRET

**The correct answer na: B**

Small pikin suppose to get secret. To keep the secret of their own things plus foto go fit make dem nor enter wahala if dem dey use computer. Many computer and websites get how dem dey set am so that you fit help your pikin hide their things.

## WORK 6: BIG PERSON GOOD EXAMPLE

**The correct answer na: A**

Small small pikin dem dey like to do wetin dem see say you dey do, so ITU dey tell papa, mama and big big pipu say make dem show good example if dem dey use computer or telephone.

If you wan sabi pass, ITU get book for papa, mama and teacher them, make you check: www.itu.int/cop

NCC Toll Free Line: 622

Cece Yara Foundation: 08008008001 (for children, toll free)

07007007001 (for adults, non toll free)

Email: *cop@ncc.gov.ng*

**This book no be for sale**